# Mama Afrika

*Traducción Criollo haitiano - Español*

| | |
|---|---|
| **Rèl-o! Sanmba tande rèl-o!<br>Sanmba nan Kiskeya ap mande poukisa…<br>Pouki tout deblozay nan lakou Afrika?<br>Pouki tout deblozay nan peyi Kiskeya?** | *Llanto! El trovador escucha llanto!<br>El trovador de la isla de Haití pregunta por qué…<br>Por qué hay tanto caos en las tierras de Africa?<br>Por qué hay tanto caos en la isla de Haití?* |
| **Rèl-o!  Nou tande rèl-o!<br>Timoun ape kriye: mama-ouwo!<br>Rèl-o!  Nou tande rèl-o!<br>Granmoun ape rele: woh!<br>Rèl-o! Nou tande rèl-o!<br>Timoun, granmoun, timoun, granmoun!<br>Nou tande rèl-o!** | *Llanto! Escuchamos llanto!<br>Los niños gritan: oh madre!<br>Llanto! Escuchamos llanto!<br>Los adultos gritan: woh!<br>Llanto! Escuchamos llanto!<br>Todos los niños, todos los adultos!<br>Escuchamos llanto!* |
| **Yo rele:<br>"Mama, mama, mama, mama…<br>Oh Mama Afrika!<br>“Mama kote-ou mama, kote-ou?<br>Mama, mama, mama, mama,<br>Oh Mama Afrika!”** | *Lloran:<br>“Madre, madre, madre, madre,<br>Oh Madre Africa!<br>Madre, dónde estás<br>Modre, madre, madre, madre,<br>Oh Madre Africa!* |
| **La jounen kon lannouit<br>Se mizè, se traka…<br>La jounen kon lannouit<br>Se maladi, se lanmò…<br>Se grangou, se la gè!** | *Día y noche<br>Hay miseria y perjuicio<br>Día y noche<br>Hay enfermedad y muerte<br>Hay hambre y guerra!* |
| **“Kote-ou, kote-ou mama?<br>Kote-ou ye mama?<br>Sanble ou pa tande!”<br>Yo kriye, yo rele<br>Yo rele, yo kriye...<br>Kriye, yo rele:<br>“Woh! Men kote ou ye?<br>Sanble ou pa tande mama!!!”** | *“Dónde estás? Dónde estás, madre?<br>Oh, pero dónde, madre?<br>Quizás no nos escuchas.”<br>Ellos lloran, ellos gritan<br>Ellos gritan, ellos lloran<br>Ellos lloran y vociferan:<br>Dónde, dónde estás, madre?<br>Quizás no nos escuchas, madre!!!* |
| **“Woh! Mama Afrika…<br>Sanble ou pa tande mama-ouwo!<br>Mama Afrika, jan ou te bèl-o,<br>Kote-ou?”** | *“Woh! Madre Africa…<br>Tal vez no nos escuchas, oh, querida madre!<br>Madre Africa, como eras tan hermosa, dónde estás?* |
| **Solèy leve, solèy kouche<br>Anyen pa chanje<br>Roumble isit, roumble lòtbò<br>Anyen pa deranje… Poukisa?<br>Mizè-a la…<br>Anyen pa chanje, anyen pa deranje…<br>Mizè-a toujou la…<br>Poukisa, poukisa, poukisa…?** | *El sol se eleva, el sol se esconda<br>Nada cambia<br>Reuniones aquí, reuniones allá,<br>Nada se ve alterado.<br>La miseria está allí… por qué?<br>Nada cambia, nada se ve alterado<br>La miseria sigue allí…<br>Por qué, por qué, por qué?* |

| | |
|---|---|
| **Doumbalele, doumba-yelele Afrika!**<br>**Koukouka koun keye Afrika!**<br>**Kekounkaye, koukaye Afrika!**<br>**Pran kouraj oh mama!**<br>**Pran kouraj Afrika**<br>**Kenbe la oh Mama Afrika!** | *Fuerza Africa!*<br>*Resiste Africa!*<br>*Resiste, oh madre…*<br>*Resiste, oh Madre Africa!* |
| **Mama ou menm ki granmoun-o**<br>**Wa di yo, wa di yo jan la vi a te bèl-o!**<br>**Mama ou menm ki granmoun-o**<br>**Wa di yo, wa di yo jan la vi-a te dous-o…**<br>**Boul lò avèk diaman tap benyen la riviè**<br>**Eya, eya, eya Mama Afrika!**<br>**Zannimo tout koulè tap piafe nan fon bwa**<br>**Eya, eya, oh Afrika!** | *Madre, tu que eres sabia,*<br>*Diles, diles lo hermosa que era la vida!*<br>*Madre, tu que eres sabia,*<br>*Diles, diles lo apacible que era la vida…*<br>*Bolas de diamantes bañaban los ríos*<br>*Bravo, bravo, bravo Madre Africa!*<br>*Animales de todos colores recorrían los profundos bosques.*<br>*Bravo, bravo Africa!* |
| **Rèl-o, Sanmba tande rèl-o!**<br>**Oh Mama, rèl yo toujou la…**<br>**Men yon jou kon jodi-a**<br>**Tout rèl yo va kaba…** | *Llanto, el trovador escucha llanto!*<br>*Oh Madre, los llantos siguen allí...*<br>*Pero un día como hoy*<br>*Todos los llantos cesarán…* |
| **Beni swa, beni swa Afrika…**<br>**Beni swa, beni swa Kiskeya…**<br>**Beni swa, beni swa Mama Afrika!** | *Bendita, bendita sea Africa*<br>*Bendita, bendita sea la Isla de Haití*<br>*Bendita, bendita sea Madre Africa!* |
| ***-Gabriel T. Guillaume*** | |